

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana sababaraha pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan sosiologi sastra dina novel-novel Sunda karya Tatang Sumarsono nyaéta *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020), ngagunakeun métode deskriptif, nu ngawengku tilu aspék: (1) *sosiologi pangarang*; (2) *sosiologi karya sastra*; jeung (3) *sosiologi sastra*. Ngaliwatan téhnik studi pusataka, studi analisis data, studi dokuméntasi, jeung téhnik wawancara, tilu aspék éta katut kamekaran pangarang jeung karya-karyana ogé bisa kaguar.

Tina déskripsi tilu aspék éta, bisa kapanggih yén Tatang Sumarsono kaasup sastrawan Sunda angkatan 1970-an tur salasahiji pangarang Sunda nu réspon kana situasi sosial-politik nagara Indonesia. Ngaliwatan kritik sosial nu ditepikeun ku karya-karyana—utamana dina wangun novel—, geus mampuh méré gambaran ngeunaan kaayaan sosial dina jamanna. Sastra minangka eunteung masarakat, bisa kapanggih dina kamekaran karya-karya Tatang Sumarsono nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan. Ku kituna, sastra lian ti mangrupa panglipur pikeun nu maca, ogé mangrupa gambaran kahirupan nu luyu jeung jamanna (kontékstual) atawa mangrupa titiron tina kahirupan masarakatna (*mimesis*).

Ngaliwatan kritik sosial ka pamaréntahan (jaman Orba, mapag réformasi, jeung pasca réformasi) nu dibungkus ku carita dina kamekaran karya-karya novelna, geus mampuh ngawakilan masarakat dina nepikeun kereteg kana harénghéngna kaayaan jaman nu karandapan.

Kritik sosial ka pamaréntah jaman Tatar Sunda dieréh ku Mataram diwakilan ku novel *Demung Janggala*. Kritik sosial ka pamaréntah jaman révolusi diwakilan ku novel *Kakarén Révolusi*. Kritik sosial ka pamaréntah jaman Orla

(Soekarno) diwakilan ku novel *Mandédurma*. Kritik sosial ka pamaréntah Orba (rézim Soeharto) diwakilan ku novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*. Kritik sosial waktu mapag réformasi jeung pascaréformasi diwakilan ku novel *Galuring Gending*.

Sanggeus dianalisis lima novel karya Tatang Sumarsono, tina aspék sosiologi pangarang, aya tilu hal anu natrat dina novel-novelna nyaéta *status sosial* (kalungguhan atawa posisi pangarang di lingkungan sosial masarakat nyaéta minangka pangarang, wartawan, dosén, jeung pangurus organisasi), *ideologi politik* (pamadegan atawa kayakinan pangarang kana aturan hirup kumbuh di masarakat nu dijadikeun cecepeangan atawa tatapakan dina kahirupan sosial nyaéta anu patalina jeung bebeneran dumasar kana agama Islam, kritis ka pamaréntah anu ngarempak aturan, ngasongkeun gagasan federalis, jeung némbongkeun sikep nasionalisme jeung patriotisme atawa cinta ka lemahcai), *kalangenan* (karesep atawa perkara anu matak senang kana haté pangarangna nyaéta aktif di organisasi, naék gunung, moro ka leuweung, penca silat, jeung pacuan kuda), jeung *minat* (hal anyar anu kapanggih jeung matak narik ati tur diulik kalawan otodidak ku pangarang nyaéta élmuning kasusastraan, pendidikan, kabasaan, sajarah, budaya, sosial, jeung politik).

Ari dina aspék sosiologi karya sastra, aya lima hal nu kapanggih nyaéta kritik sosial ka masarakat nu teu ngajénan tradisi, kritik sosial ka masarakat nu ngarempak aturan, kritik sosial ka masarakat nu ngaruksak alam, kritik sosial ka masarakat nu ngarempak ajén kaagamaan (réligiusitas), jeung kritik sosial ka pangagung nu ngarempak aturan.

Dina aspék sosiologi sastra, aprésiasi masarakat sastra kana éta lima novel (*Demung Janggala*, *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*, *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*) kawilang hadé. Lian ti faktor Tatang Sumarsono salaku sastrawan Sunda nu produktif tur kawentar (*personal*) dina kahirupan sastra Sunda kiwari, faktor eusi (*content*) carita dina karyana ogé milu mangaruhan daya tarik masarakat pikeun ngaaprésiasina.

Éta lima novel ogé méré pangaruh sosial ka masarakat. Tangtuna, lain baé nimbulkeun rasa émpati kana kaayaan nu kungsi kajadiaan, tapi ogé nimbulkeun rasa antipati, pikeun dijadikeun eunteung tur bahan babandingan antara mangsa nu kungsi karandapan (mangsa Orba, mapag réformasi, jeung pasca réformasi) jeung mangsa nu baris karandapan, enggoning nyanghareupan gangasna pajamanan. Pangalaman batin masarakat nu diwakilan ku lima novel éta, mangrupa dokuméntasi sastra nu ngawakilan jamanna.

Panitén masarakat sastra, boh tina data tinulis boh tina hasil wawancara, kana kapangarang TS jeung karyana, di antarana nyaéta: (1) TS minangka pangarang anu réspon kana situasi sosial-politik; (2) TS minangka pangarang anu jembar pangaweruhna; (3) TS minangka pangarang anu jembar literasina; (3) karya-karya TS leubeut ku ajén-inajén kahirupan tur ngangkat *kearifal lokal* Sunda; (4) karya-karya TS leubeut ku kritik sosial; jeung (5) karya-karya TS ngagambarkeun kahirupan sosial-politik, pangpangna anu karandapan ku urang Sunda.

Tina hasil panalungtikan ogé bisa katangén yén aya tilu hal nu jadi kasang tukang pangarang ngagelarkeun karyana, nyaéta (1) dina raraga silih tukeur rasa jeung pikiran (komunikasi sastra); (2) ngahontal kapuasan éstétis pikeun pangarangna sorangan; jeung (3) minangka protés sosial. Satuluyna, karya nu digelarkeun téh mangrupa dokuméntasi sastra nu ngawakilan jamanna jeung kontéks sosialna.

## 5.2 Implikasi

Saupama karya sastra téh disawang minangka eunteung kahirupan masarakat anu diréfléksikeun ku pangarang. Tangtu naon anu ditafsirkeun jeung diréfléksikeun téh teu sambarangan. Dina harti, pangarang salawasna mawa ideologi (nyumput dina maksud) nu hayang ditepikeun ka nu maca. Kitu deui novel, salah sahiji wangun karya sastra anu dijerona nyampak gagasan tina réfléksi kahirupan sosial masarakat. Ku cara nalaah tokoh-tokohna katut aspék kahirupan anu silih pangaruhan, ieu panalungtikan téh boga maksud pikeun medar

aspék sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra nu nyampak dina novel-novel Sunda karya Tatang Sumarsono.

Ieu panalungtikan téh teu boga maksud pikeun nalungtik aspék sosial politik jeung idiologi pangarang anu sabenerna (*murni*), tapi pikeun maluruh tur nalungtik gagasan kritik sosial pangarang ngaliwatan karyana. Anu satuluyna dipiharep sangkan masarakat Sunda, hususna nu maca karya sastra, bisa ngeunteung, napsirkeun, laju nangtukeun sorangan gagasan atawa idé dina nyawang kahirupan jeung pasualan-pasualan anu disanghareupanana dina alam kiwari ngaliwatan maca, neuleuman, jeung napsirkeun karya sastra. Ku ayana éta hal, masarakat téh dipiharep bisa merenahkeun manéh dina rohang kahirupan kiwari minangka masarakat anu boga sikep patriotismeu dina mikacinta lemahcaina tur boga wawasan sosial politik.

### 5.3 Rékomendasi

Ieu panalungtikan aspék sosiologi sastra téh ukur medar lima novel Sunda karya Tatang Sumarsono nyaéta *Demung Janggala*, *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*, *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*. Ari karya sastra, boh prosa boh puisi, karya Tatang Sumarsono téh masih kénéh réa. Husus novel karya Tatang Sumarsono, dina basa Sunda jeung basa Indonésia, réa kénéh anu perlu ditalungtik, boh anu geus dibukukeun boh anu mangrupa naskah kénéh.

Dumasar kana hal éta, disarankeun sangkan aya nu nalungtik karya-karya Tatang Sumarsono séjénna kalawan gembleng tur jembar ambahanana. Aspék sosiologi sastra (sosiologi anu maca, hususna ulikan reséptif) jeung pangaruhna karya sastra Tatang Sumarsono ka masarakat, tacan kaguar kalawan gemet tur nyosok jero.

Lian ti éta, ieu panalungtikan téh murni ulikan sastra. Ku kituna, perlu aya panalungtikan kana karya sastra Sunda—lain baé novel-novel Sunda karya Tatang Sumarsono—dumasar aspék sosiologi sastra, anu museurkeun paniténna atawa dipatalikeun kana pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku réana rohang ulikan, tangtu panalungtikan tiori sosiologi sastra téh moal réngsé pikeun dipedar. Salila diskursi ngeunaan rélasi antara nu pangarang jeung karyana masih kénéh perlu dipadungdengkeun, panalungtikan ngeunaan ieu tiori téh perlu kénéh dilakukeun, tapi disarankeun boh pikeun mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Sunda, boh pikeun mahasiswa Prodi. Pendidikan Bahasa jeung Budaya Sunda, boh pikeun masarakat akademik sakumna, sangka leuwih jéro jeung leuwih ngahususkeun deui pikeun nalungtik salah sahiji tina rohang jeung objék ulikan sosiologi sastra.